DEKLARASYON INIVESEL DWA DE LOM



10 DESANM LANE 1948 *Asanble jeneral Nasyon Zini adopte e pwoklame Deklarasyon inivèsel dwa de lom, ke nap jwen tout antye pi devan. Apre evènman istorik sila, Asanble-a mande Eta ki Manm li yo pou yo piblye teks Deklarasyon-an epi pou "yo distribyel, afichel tou patou, fè lekti ak komantè, sitou nan lekol avek lot etablisman kote yap anseye, kèl ki lan swa sitiasyon politik peyi o swa teritwa yo."*

NASYON ZINI

Depatman enfomasyon

DEKLARASYON INIVESEL DWA DE LOM

ENTWODIKSYON

Lè nou konsidere ke, paske yo rekonèt ke diyite ki nan nannan tout moun ak dwa egal ego yo ki pa sa van, se baz la libète, la jistis ak lapè nan le mond entye,

Lè nou konsidere ke, paske yo pa rekonèt epi ke yo meprize dwa de lom, sa mennen move zak ki revolte konsians limanite, epi tou ke wè yon tan kote tout moun ap lib pou yo pale ak pou yo kwè, paske yo pap nan laperez ak la misè, tan sa-a yo rele li pi gwo ambisyon lom ka genyen,

Lè nou konsidere ke li enpòtan ke dwa de lom fok yo pwoteje yo avèk yon regleman de dwa pou lom pa oblije, lè li pasa aji lot jan, revolte kont kraze zo ak lopresyon,

Lè nou konsidere ke li impòtan ke tout moun ankouraje devlopman relasyon zanmitay ak lot nasyon,

Lè nou konsidere ke nan Pwensip fondalnatal Nasyon Zini, pèp Nasyon Zini-yo retounen proklame la fwa-yo nan dwa fondalnatal moun, nan diyite ak valè tout moun, nan dwa egal ego fanm kou gason, epi ke pèp sa yo deklare ke yo deside mete devan, pwogrè la sosyete epi pou yo enstale bon kondisyon pou la vi miyò chita nan gwo la libète,

Lè nou konsidere ke peyi manm yo angaje yo pou yo asire, ansanm avek Oganisyon Nasyon Zini, respe inivèsel ak respe tout bon dwa de lom ak libète fondalnatal,

Lè nou konsidere li enpòtan ke fok yo tout wè dwa ak libète sa-yo menm jan, pou yo ka ranpli tout bon angajman sa-a,

ASAMBLE JENERAL NASYON ZINI

pwoklame

DEKLARASYON INIVÈSEL DWA DE LOM SA-A

Se anbisyon pou la vi miyò demen, pou tout pèp ak tout nasyon mete nan tèt yo, pou yon jou tout moun, ansanm avek tout vwa la sosyete, ak Deklarasyon sa-a nan lespri yo toutan, yo fè yon jèfò, avek kom baz anseyman ak edikasyon, pou yo devlope respè dwa ak libète sa a yo epi pou yo fè de kwa, avek aksyon nasyonal ak entènasyonal yap pran ofi amézi, pou yo rekonèt dwa sa yo epi pou yo aplike yo nan le mond antye, tout bon, nan mitan popilasyon peyi ki manm Nasyon Zini-yo, ak nan mitan tout teritwa ki anba jiridiksyon yo.

Atik 1

Tout moun fèt lib, egal ego pou diyite kou wè dwa. Nou gen la rezon ak la konsyans epi nou fèt pou nou aji youn ak lot ak yon lespri fwatènite.

Atik 2

Chak moun kapab itilize dwa ak tout libète ki pwoklame nan Deklarasyon sa-a, san yo pa fè okenn diferans ant yon moun ak yon lot, kel ki lan swa ras li, koulè li, sex li, lang li pale-a, relijyon li, opinyon politik o swa nenpot ki lot opinyon li ka genyen, kit li soti nan orijin nasyonal o gen rapò ak la sosyete, lajan, kotel sòti o swa nenpot ki lot sitiasyon.

Epi, yo pap fè oken diferans kel ke swa Lwa sou politik, jistis o swa Lwa entènasyonal peyi ou byen teritwa kote moun nan sòti, ke péyi o swa teritwa sa-a li endepandan, ou byen sou lobedians yon lot, kel pa sa aji pou kol o enkò kel gen kek règleman ki limite libète peyi-a.

Atik 3

Chak moun gen dwa as ke li gen la vi, la libète ak sekirite pou tèt-li.

Atik 4

Yo pa gen dwa kimbe pèson nan esklavaj ni fòsel ekzekite yon travay; esklavaj avek komès esklav entèdi kèl ke swa jan yap fèl la.

Atik 5

Yo pa gen dwa maspinen yon moun, ni fèl sibi mòve tretman, ni tretel kou bèt osnon fèl pèdi lonèl.

Atik 6

Chak moun gen dwa as ke yo rekonèt toupatou pèsonalite jiridik-li.

Atik 7

Tout moun egal ego devan la lwa epi tout moun gen dwa, san pati pri, gen menm pwoteksyon ke la lwa bay. Tout moun gen dwa gen menm pwoteksyon-an kont tout pati pri ki ta kab anviole Deklarasyon sa-a epi tou kont tout pwovokasyon pou yo fè pati pri.

Atik 8

Chak moun gen dwa poul resevwa konkou tout bon pa devan tribinal nasyonal reskonsab yo, kont zak kap anviole dwa fondalnatal ke konstitisyon o swa la lwa rekonèt kel genyen.

Atik 9

Yo pa gen dwa ak fos gro ponyet, arete, mete nan prizon o swa ekzile yon moun.

Atik 10

Chak moun gen dwa, egal ego, as ke yo koute koz li kou koz nenpòt ki lot moun, devan yon piblik, devan yon tribinal ki pa depann de pèson anpi ki baye bon pwa ak bon mezi, ki kab deside sou dwa ak devwa moun nan, o swa si akizasyon yo pote kontli la lwa konsiderel kom jis.

Atik 11

1. Nenpòt ki moun yo ta akize de move zak sou yon lot, sipose inosan jiskaske la lwa rekonèt ké li koupab, nan yon prose piblik, kote yo dwe bali tout garanti nesesè pou li defann tèt li.
2. Yo pap ka kondane pèson pou aksyon o swa mankman ke, le moman yo tap komèt yo, yo pat konsidere yo kom yon move zak, dapre dwa nasyonal obyen entènasyonal. Menm jan, yo pap ka mete diplis sou kondanasyon yon moun ke sa la lwa te rekonèt la le moman move zak-la te komèt.

Atik 12

Yo pap ka ak la fos entre nan afè ki regade vi prive yon moun, fanmi-li, kay-li o swa lèt kel ekri o swa kel resevwa, ni sal lonè li ak repitasyon li. Tout moun gen dwa gen pwoteksyon la lwa kont zak sa yo.

Atik 13

1. Tout moun gen dwa sikile libreman epi tou chwazi kote li pral rezide-a nan peyi-a.
2. Tout moun gen dwa kite nenpot ki peyi, menm pal tou, epi retounen nan peyil.

Atik 14

1. Lò gen pèsekisyon, tout moun gen dwa chèche lazil epi benefisie lazil nan lot peyi.
2. Dwa sa-a li pa ka aplike lè se pouswiv yap pouswiv yon moun pou krim dwa komen o swa pou ajisman ki kontrè ak entansyon epi princip Nasyon Zini.

Atik 15

1. Tout moun dwe genyen yon nasyonalite.
2. Yo pa sa wete nasyonalite yon moun ak la fos, ni yo pa sa anpechel chanje nasyonalite.

Atik 16

1. Depi yo gen laj la, yon gason ak yon fanm, kel ke swa ras yo, nasyonalite yo o swa relijyon yo, gen dwa marie o swa fonde yon fanmi. Yo gen dwa egal ego devan mariaj, pandan mariaj epi lè yap divòse.
2. Mariaj pa sa fèt si se pa ak lib konsantman moun ki pral marie yo.
3. La fanmi se eleman natirel ki pi enpòtan la sosyete epi li gen dwa genyen pwoteksyon la sosyete ak leta.

Atik 17

1. Tout moun, kit li poukòl kit li ak moun, gen dwa posede yon byen.
2. Yo pa gen dwa wete byen yon moun nan men li ak la fos.

Atik 18

Tout moun gen dwa poul gen libète panse, libète konsians li ak relijyon li; dwa sa-a konpran tou libète pou li

chanje relijyon obyen fason li panse, libète manifeste relijyon li o swa fason li panse, poukòl osnon ak lot moun, kit li devan yon piblik kit li nan prive, pa mwayen lanseyman, pwatik, sèvis-la ak seremoni-yo.

Atik 19

Tout moun gen dwa a libète lide yo ak lapawol yo, kidonk dwa pou yo pa enkiete yo a koz lide yo ak dwa tou pou yo chèche, resevwa epi tou piblye, san konsiderasyon fwontiè, enfòmasyon ak lide pa nenpot ki mwayen ki ekziste pou yo piblye yo.

Atik 20

1. Tout moun gen dwa gen libète fè reinyon ak asosyasyon san zam.
2. Yo pa ka oblije pèson manm yon asosyasyon.

Atik 21

1. Tout moun gen dwa patisipe nan direksyon zafè piblik peyil, swa direkteman, swa pa lentèmediè represantan kel chwazi an tout libète.
2. Tout moun gen dwa okipe, nan kondisyon egalite, pos piblik peyi li.
3. Volonte yon pep se baz otorite pouvwa piblik; volonte sa-a dwe manifeste li nan eleksyon onèt ki dwe fèt nan entèval fiks, ak patisipasyon tout sitwayen, ak vot sekrè osnon ak yon metod ki ta menm jan ak sa-a depi li asire libète vot-la.

Atik 22

Tout moun, kom manm la sosyete, gen dwa gen sekirite sosyal; sekirite sa-a, yo kreyel pou moun jwen satisfaksyon dwa ekonomik, sosyal ak kiltirel ki endispansab pou diyite ak devlopman lib pèsonalitel, gras a jèfò nasyonal ak kooperasyon entènasyonal, depandan de oganizasyon ak resous chak peyi.

Atik 23

1. Tout moun gen dwa revandike dwa travay, gen dwa chwazi libreman travay li, nan de kondisyon ki bon, ki jis, ak pwoteksyon kont chomaj.
2. Tout moun gen dwa, san pati pri, aske yo peyel yon salè egal pou yon travay egal ak sa yon lôt fè.

3. Tout moun kap travay, yo dwe bali yon salè jis epi ki satisfezan, ki kapab asirel, ansanm ak fanmi li, yon ekzistans ki an akò avek diyite moun epi tou, si gen posibilite, pou yo ta konpletel ak tout lòt mwayen pwoteksyon sosyal.

4. Tout moun gen dwa fonde sendika ak lòt moun osnon entre nan sendika pou defann enterè yo.

Atik 24

Tout moun gen dwa gen repo ak amizman, ak yon limit rezonab pou dire travay-la epi, tout moun gen dwa tou a konje peye periodik.

Atik 25

1. Tout moun gen dwa pou yon nivo lavi ki kapab garanti lasante ak byenèt yo ansam ak pa fanmi yo, epi tou garanti manje, abiye, kay, swen lasante avek sèvis sosyal nesesè yo; tout moun gen dwa pou yo genyen sekirite nan ka chomaj, maladi, paralesi, epi tou si mari o swa madanm mouri, nan ka vieyes o swa nan tout lòt ka kote yon moun ta pèdi mwayen poul viv, nan de sikontans ke se pat volonte'l ki te vle li.

2. Matènite ak ti moun piti gen dwa a yon èd ak yon asistans espesyal. Tout ti moun, kit yo fèt nan mariaj, kit se andeyò mariaj, gen menm pwoteksyon sosyal la.

Atik 26

1. Tout moun gen dwa a levasyon. Levasyon dwe gratis, di mwens lò se anseyman elemantè epi fondalnatal. Anseyman elemantè obligatwa. Anseyman teknik ak pwofesyonel dwe jeneralize; antre nan etid siperiè dwe ouvè pou tout moun egal ego depandan de valè yon moun.

2. Vizion levasyon dwe pou fè fleri pèsonalite moun ak ranfose respè dwa de lom ak libète fondalnatal. Li dwe tou ankouraje konesans, tolerans ak lamitye ant tout nasyon, tout gwoup ras moun o swa tout relijyon, epi tou ankouraje devlopman aktivite Nasyon Zini pou mentni la pè.

3. Paran yo, en premie, gen dwa pou yo chwazi ki kalite levasyon pou yo bay pitit yo.

Atik 27

1. Tout moun gen dwa patisipe libreman nan aktivite sou la vi kiltirel kominote-a, jwi la vi atistik-la epi pati-

cipe nan pwogrè la sians ak avantaj ki soti nan pwogrè sa-a.

2. Tout moun gen dwa genyen pwoteksyon enterè lespri ak enterè tout bon vre ki sòti nan tout pwodiksyon la sians, literati epi tou atistik ke moun sa-a ta pwodwi.

Atik 28

Tout moun gen dwa aske ekziste, sou plan sosyal ak sou plan entènasyonal, yon lòd kote dwa ak libète ki pwoklame nan Deklarasyon sa a kapab aplike tout bon vre.

Atik 29

1. Chak moun gen devwa padevan kominote-a, kote se sèl kote devlopman lib tout bon pèsonalite li kapab realize.

2. Nan itilizasyon dwa li yo epi nan jwisans libète li yo, yon moun dwe soumèt li devan limitasyon ke la lwa sèlman tabli, pou asire rekonesans ak respe dwa ak libète lot moun epi tou pou satisfè bon jan ekzijans règleman la sosyete, lòd piblik ak byenèt jeneral nan yon sosyete demokratik.

3. Dwa ak libète sa yo, yo pap kapab, nan okenn ka, itilize yo lot jan ke selon vizion ak pwencip Nasyon Zini.

Atik 30

Okenn nan dispozisyon Deklarasyon sa-a pap ka entèpwete kom kwa yon leta, yon gwoupman o swa yon moun, ta ka gen yon dwa kelkonk poul ta tanmen yon aktivite obyen komèt yon zak ki ta vle abouti a destriksyon dwa ak libète ki pwoklame nan Deklarasyon-an.

Universal Declaration of Human Rights (Creole)
Published by the United Nations
Department of Public Information, New York
Printed in U.S.A.
DPI/15 — April 1988 — 3,000